УЗЭКЪУЭТМЭ — УЛЪЭЩЩ!

1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 12 лъандэрэ къыдокI

# Черкес хэку

№51 (14011)

2025 гъэ, бадзэуэгъуэм (июлым) и 17, махуэку

Распространяется по подписке

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики
Газетыр къыдэзыгъэкIыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ

И уасэр соми 3-щ

Террорым пэщIэту



## Шынагъуэншагъэр нэхъапэщ

Сепаратизмэр, лъэпкъ зэхэгъэжыр, цIыхубэ зэрыхьэзэрийхэр, экстремизмэм епха щIэпхъаджагъэхэр къэзыгъэхъуну, хэIущIыIу зыщIыну пылъхэм жыджэру япыкъуэкIынымрэ къызэтегъэувыIэнымрэ телажьэу Къэрэшей-Черкесым щыIэ Антитеррор комиссэм, Оперативнэ, Координационнэ штабхэм зэгъусэу зэIущIэ ядезгъэкIуэкIащ.

Дауэдапщэм хэтащ КъЧР-м и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Макоев Тимур, хэгъуэгум и прокурор Жариков Олег, къару, хабзэхъумэ къулыкъухэр, районхэм я Iэтащхьэхэр.

Си лэжьэгъухэмрэ сэрэ дрипсэлъащ Лъэпкъ антитеррор комитетым дгъэзэщIапхъэу къигъэува Iуэхухэр зэрыкIуатэм, хэхауэ жыпIэмэ, цIыхум псэукIэ тынш иIэным хуэлажьэ псэуалъэхэр террорым щыхъумауэ щытыныр къызэгъэпэщыным, псом хуэмыдэу энергетикэмрэ гъуэгу хъызмэтымрэ пыщIахэм.

Террорым пэщIэт комиссэм и зэIущIэм хэтахэм къаIэта упщIэхэр яхуэгъэзауэ щытащ лъэпкъ, дин зэхущытыкIэхэр гъэбыдэнми, экстремизмэр зипкъ къикI лъэныкъуэгъазэхэмкIэ узэщIыныгъэ лэжьыгъэхэр егъэкIуэкIынми. А псомкIи республикэм программэ зыбжанэ щызэфIах, дэтхэнэри къулыкъухэм зызэщIагъакъуэурэ ягъэзащIэ, зэIузэпэщыныгъэмрэ мамырыгъэмрэ къызэгъэпэщыныр я нэхъыщхьэу. Ди хэгъуэгум апхуэдэ щытыкIэ шынагъуэхэм икIэщIыпIэкIэ дазэрыпыкъуэкI хъун Iэмалхэри дгъэнэIуащ.

Къыхэзгъэщынщи, Къэрэшей-Черкесым и жылагъуэ-политикэ щытыкIэр зэпIэзэрытщ. Ди хэкуэгъухэм шынагъуэншагъуэр къахуэзэзыгъэпэщыну, террорым щызыхъумэну зи пщэ илъ къулыкъухэм я зэдэлэжьэкIэр зэтедгъэпсыхьащ. ЦIыхухэр куэду зыхэт дауэдапщэхэм, ТекIуэныгъэм и Илъэс 80-м теухуахэри хэту, щытепщэу щытыпхъэщ зэгурыIуэныгъэри шынагъуэншагъэри.

А псом къыдэкIуэу, КъЧР-м къэралкIуэцI IуэхухэмкIэ и министр Нефёдов Владимиррэ МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэм и унафэщI Голоколенко Александррэ си гуапэу ФIыщIэ тхылъхэмкIэ я лэжьыгъэр къыхэзгъэщащ.

ЗэIущIэ

## Унафэр ягъэзащIэу

Хабзэхъумэ, къару къулыкъухэм, нэIэ къулыкъущIапIэхэмрэ военкоматхэмрэ я унафэщIхэм, муниципальнэ къалэхэмрэ районхэмрэ я Iэтащхьэхэм лэжьыгъэ IуэхукIэ саIущIащ 2022 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 19-м Урысей Федерацэм и Президентым къиихьауэ щыта Унафэр зэрыдгъэзащIэм дриплъэжыну.

КъинэмыщIауэ, гулъытэ хэха хуэтщIу дытепсэлъыхьащ зауэ операцэ хэхам хэт къулыкъущIэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ дэIэпыкъуныгъэ зэрадгъэгъуэт щIыкIэм, къулыкъузэпх зэдэлэжьэныгъэм и бэзым дытекI зэрымыхъунум.

**КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-къулыкъу**

Социальнэ инфраструктурэ

**КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид и Зыхуэгъэзэныгъэм къызэрыщыхигъэщащи, хэгъуэгум и зыужьыныгъэ зэпIэзэрытыр зэлъыта щытыкIэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ щIэнгъуазэр, щIалэгъуалэм щIэныгъэ нэс зригъэгъуэтыныр, и зэфIэкIхэр хэгъуэгум къыхуигъэсэбэпыныр, республикэм и къэкIуэнум хуэпабгъэныр.**

## ЕджэгъуэщIэм — еджапIэщIэ



Абы ипкъ иткIэрэ, хэгъуэгум гулъытэ хэха щегъуэт курыт еджапIэхэр зэгъэзэхуэжыным, еджапIэщIэхэр ухуэным. Апхуэдэу, иужьрей илъэси 6-м къриубыдэу, Къэрэшей-Черкесым курыт еджапIэ 48-рэ капитальнэу зэрагъэзэхуэжащ, 14 щIэуэ яухуащ. Абыхэм ящыщщ Хьэбэз къуажэм дэт, Хъупсырокъуэ Екатеринэ и цIэр зезыхьэ лицей-интернатыр.

Лицейр еджэгъуэ илъэсыщIэм зэрыхуэхьэзырыр тхьэмахуэ кIуам щIиплъыкIащ УФ-м и Федеральнэ ЗэIущIэм ФедерацэмкIэ и Советым КъЧР-м къыбгъэдэкIыу хэт сенатор Къэзэнокъуэ Кърым, хэгъуэгум и Правительствэм и тхьэмадэм и япэ къуэдзэ Смакуев Дагир, «Зыуэ щыт Урысей» партым къыбгъэдэкIыу республикэм и Парламентым и депутат Къардэн Фатимэ сымэ зыхэта гупым.

Лицейр къаплъыхьа нэужь, къалэну зэфIэха хъуам, къапэщытым, гулъытэ зыхуэщIыпхъэм теухуауэ зэпсэлъащ. Ныкъусаныгъэхэри, зэгъэзэхуапхъэри къызэщIрагъэубыдэу, гуащIэу зэпсэлъащ Абыхэми, нэгъуэщIхэми теухуауэ зэпсэлъащ щIэплъыкIакIуэ гупым хэтахэр, ухуэныгъэр езыгъэкIуэкI «Гипсстройинвест» ООО генподрядчикым къыбгъэдэкIыу Аргун Олег, ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр езыгъэкIуэкIхэм я прораб нэхъыщхьэ Лайпанов Мыхьэмэт, нэгъуэщI IэщIагъэлIхэри. Зэуэ жытIэнщи, зэпсэлъэныгъэр гуащIэу екIуэкIащ, нэхъыбэу арэзы къэзмыщI лъэныкъуэхэр къыхэщу. Ар — проект-сметэ дэфтэрхэращ. Абы Iуэхухэр къызэрилъахъэр иужькIэ ди зэпсэлъэныгъэм къыщыхигъэщащ Лайпановым.

— Апхуэдэ дэфтэрхэр тыншу зэтегъэпсыхьауэ щытатэмэ, ухуэныгъэр куэд щIат зэрыдухрэ. Арами, нобэ къэнэжа щIагъуэ щымыIэу, процент 90-м щIигъукIэ еджапIэр хьэзырщ. И бжэщIэхэр еджэгъуэ илъэсыщIэм зэрыхуэзэIуихынум шэч хэлъкъым, — жиIащ ухуакIуэ IэщIагъэлIым.

Лицей-интернатыжьым щыщу зыри къэнэжакъым, здэщыта щIыпIэм мыхъумэ. Нобэ нэгум къыщIэувэр къатищу зэтет, хьэрф Г-м ещхьу ухуа псэуалъэ уардэщ. Абы и инагъыр, щIыунэхэри къызэщIиубыдэу, метр зэбгъузэнатIэ мини 6-м щIегъу. ЩIыгум щхьэщыIэтыкIа ухуэныгъэ псэуалъэм, къатхэр къызэщIиубыдэу, метр зэбгъузэнатIэ мини 4 я инагъщ. ТехнологиещIэхэм тегъэпсыхьауэ, зэманым дэхъуу зэфIагъэува псэуалъэ дахэшхуэщ.

→ 2

Махуэщым къикIыу



## «Унагъуэ быдэр — Урысей уардэщ»

**Апхуэдэ щхьэщIэдзапIэм щIэту Черкесск къалэм унагъуэм, лъагъуныгъэмрэ зэхуэпэжыныгъэмрэ я Махуэм и щIыхькIэ фетиваль щекIуэкIащ. МахуэщIым нэгузыужь, удэзыхьэх Iуэхугъуэ куэд къыщаIэтащ: мастер-классхэр, джэгукIэ зэмылIэужьыгъуэхэр, творческэ IэпщIэлъапщIагъэм здыхагъахъуэ щIыпIэхэр, акъыл къалэнхэмкIэ зэпеуэхэр. А псори зыхуэгъэзар цIыхухэм я нэгу зегъэужьын закъуэратэкъым, атIэ унагъуэхэр нэхъри зэпэгъунэгъу щIын, зэшэлIэнрат.**

КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид къыбгъэдэкIыу фестивалым къекIуэлIахэм захуигъэзащ КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и тхьэмадэ Иванов Александр.

Мы илъэсыр КъЧР-м демографие щытыкIэр щегъэфIэкIуэным, дунейм къытехъуэхэм я бжыгъэм хэгъэхъуэным, гъащIэ кIыхьым хущIэкъуным я Илъэсу зэрыщытыр ягу къигъэкIыжащ:

— Унагъуэр гъэбыдэнымкIэ, сабий гъэсэныгъэмкIэ щытыкIэфIхэр къызэгъэпэщынымкIэ, бын унагъуэшхуэхэм дэIэпыкъуэгъу яхуэхъунымкIэ УФ-м и Президент Путин Владимир и къыхэлъхьэныгъэр зэкIэлъыкIуэу дгъэзэщIэным яужь дитщ. Республикэм деж унагъуэхэм, анагъэмрэ сабиигъуэмрэ ядэIэпыкъунымкIэ хэгъуэгу мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэ зыбжанэ щыдогъэкIуэкIыххэ.

НобэкIэ ди республикэм апхуэдэ унагъуэ мин 12,5-рэ щыIэщ. Абыхэм сабий мин 45-рэ щапI. Къэралым и дэIэпыкъуныгъэр ди лъабжьэу тхузэфIэкI къэдгъанэкъым унагъуэ лъапIагъэхэр тхъумэнымкIэ: социальнэ программэхэр догъэзащIэ, зыхузэфIэмыкI, бын куэд зиIэ унагъуэхэм дадоIэпыкъу, сабий IыгъыпIэхэр, еджапIэхэр доухуэ, адэ-анэхэм лэжьыгъэ идогъэгъуэт.

Нобэрей махуэр «Унагъуэ быдэр — Урысей уардэщ» жыхуиIэ щхьэщIэдзапIэм щIэту зэрекIуэкIым мыхьэнэшхуэ хэлъщ, сыту жыпIэмэ, къэрал лъэщым и лъабжьэ хъур цIыху лъапIагъэхэр зыщахъумэ унагъуэхэращ...

Щхьэхуэу фIыщIэ псалъэкIэ захуигъэзащ СВО-м хэтхэм я адэ-анэхэм, къэралым и хъуамакIуэфIхэр зэрагъэсам, гъащIэ зэхэщIыкI лъагэхэм, унагъуэ лъапIэныгъэхэм зэрыщIапIыкIам щхьэкIэ.

КъЧР-м и муслъымэнхэм я Духовнэ Управленэм и тхьэмадэ, муфтий Эркенов Мухьэммэд-хьэжы къыщыпсалъэм къыхигъэщащ ди хэгъуэгум унагъуэм и махуэщIыр махуэ къэс щыбгъэлъапIэми зэрыхъунур.

— Ди щIыналъэр сыт щыгъуи бейщ унагъуэфIхэмкIэ. Унагъуэ быдэр — республикэм, хэгъуэгум, къэралым и быдапIэщ. Ди къэралыр, къапщтэмэ, дызыунагъуэшхуэщ, икIи ену абы дрогушхуэ. СолъэIу ди Тхьэшхуэм а фIыгъуэм дыщимыгъэщIэну...

Унагъуэ лъапIагъэхэр хъумэныр псоми ди зэхуэдэ къалэнщ, — жиIащ динырылажьэм.

ГуфIэгъуэ дауэдапщэм къеблэгъащ Псыхуабэрэ Черкесскрэ я архиепископ Феофилакт. Абыи къыхигъэщащ республикэр мамырыгъэр щыIэну тхьэ зделъэIу, зауапIэм щыIэхэм щIэгъэкъуэн яхуэхъуф, зи гъащIэ зытахэм я унагъуэхэр дэIэпыкъуэгъуншэу къэзымыгъанэ зы унагъуэшхуэу зэрыщытыр.

Фестивалым хьэщIэу къекIуэлIахэр зыгъэпсэхупIэм и щIыпIэхэм къыщакIухьащ, ирагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэм хэтащ. Хуейр шахмат, шашкэ, нэгъуэщI Iэнащхьэ джэгукIэхэм хэтт, спортым зрапщытт, творческэ, гъуазджэ Iуэхухэм хэлэжьыхьт. Iэщэ здызэпкърах - здызэпкъралъхьэ щIыпIэр, электроннэ тирхэр щIалэхэм ямызакъуэу, пщащэхэми яфIэгъэщIэгъуэнт.

А махуэм власть къулыкъущIэхэри къалэдэсхэри зэхуэдэу джэгукIэхэм зэдыхэтащ. Махуэр хуабэ дыдэт, ауэ сабийхэмкIэ гухэхъуэт утыкум ит псыутхым и гъунэгъуу щыджэгуныр.

Республикэм и творческэ гупхэм: уэрэджыIэхэмрэ къэфакIуэхэмрэ махуэщIыр ягъэдэхащ.

Пщыхьэщхьэм фестивалым пищащ лъэпкъ къафэхэмкIэ джэгум. МахуэщIыр зэхуащIыжащ щIыбым щагъэлъэгъуа «Испытание аулом» фильмымкIэ.

**БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ**

Мэкъумэш хъызмэт

## Агропромым и Iуэхухэм

**Псыхуабэ (Пятигорск) къалэм щыIэ «ТАСС Кавказ» хэгъуэгу хъыбарегъащIэ купсэм щекIуэкIащ Къэрэшей-Черкесым и агропромышленнэ комплексым и зыужьыныгъэм теухуа пресс-конференцэ.**



Къэрэшей-Черкесым и мэкъумэш хъызмэтым и министр БИДЖИЕВ Умар къытепсэлъыхьащ гъавэ Iухыжыныр зэрекIуэкIым, республикэм и агропромым зэрызиужьымрэ дяпэкIэ къылъысыну зыщыгугъ инвестицэхэмрэ.

Министрым къызэрыхигъэщамкIэ, республикэм и мэкъумэш хъызмэтыр гъавэ Iухыжыным хуэхьэзыру екIуэлIащ икIи зытриубыда пIалъэм (бадзэуэгъуэм и япэ махуипщIым) иублащ. Гугъуехь гуэрхэр щыIащ, мы гъэм кIыхьлIыхь хъуат гъатхасэхэр щIым хэгъэзэгъэныр. Ауэ абыи емылъытауэ, мыгъэрей гъавэ къехьэлIэжыныр и чэзум яублащ. КъыщIадзащ гъавапхъэхэмрэ хьэцэпэцэхэмрэкIэ. Iуахыжагъэххэщ бжьыхьэсэ хьэ гектар 1 мин.

Иджы фермерхэр иужь ихьащ бжьыхьэсэ гуэдзыр Iухыжыным. Iуахыжащ гектар 500 хуэдиз. Мы бжыгъэр и пIэм ижыхьакъым, махуэ къэси зехъуэж. Бэвагъыр иджыкIэ нэгъабэрейм хуэдэщ, ауэ министрым къызэрыхигъэбелджылыкIащи, гъавэ Iухыжыныр нэхъапэу щаублэ бэвагъ нэхъ мащIэкIэ зыщыгугъ, гугъуехь лей здэщыIа губгъуэхэмкIэ. Апхуэдэу щыщыткIэ, бэвагъыр къэзыгъэлъагъуэ бжыгъэр хэхъуэурэ кIуэнущ.

ИджыкIэ зы гектарым гъавэу центнер 40 къытрах. Ар бжыгъэ Iейкъым. Мазэм икIэ нэгъунэ бжьыхьэсэхэр Iуахыжынущ икIи къыпэкIуэныгъэр зыхуэдэр нэрылъагъу хъунущ. Нэгъабэ тоннэ мини 110-рэ кърахьэлIэжат, мы гъэми абы икIэ къэмыкIуэну, уеблэмэ икIи хагъэхъуэну мэгугъэ.

→ 2

Динырыгъуазэ



## Щихъым и къупщхьэхэр

Московскэ, Урысейпо чыристан динырылажьэ пашэ Кирилл и арэзыныгъэкIэ, Черкесск къалэм и Никольскэ соборым бадзэуэгъуэм и 12-м къашащ Московскэ святитель, Патриарх Тихон и хьэдэ къупщхьэхэр. Чыристан диныр зезыхьэхэм лъэкIыныгъэ яIащ абыхэм я щхьэр хуагъэщхъыну, тхьэлъэIухэр яIэтыну.

КъинэмыщIауэ, Никольскэ соборым и пщIантIэм щекIуэкIащ къекIуалIэхэм я IэкIэ ящIахэм, яупщэфIахэм, къагъэщIахэм я сату-жармыкIэ. Абы махуэм ахъшэу къыхахар хуаунэтIынущ СВО-м щыIэ ди зауэлIхэм.

Къэзакъхэм я гъащIэм, зауэ гъуэгум, тхыдэм теухуауэ соборым егъэщIылIауэ лажьэ музейри а махуэм нэщI хъуакъым. Хуейр щIыхьэурэ зыщиплъыхьащ абы, щедэIуащ къэзакъ тхыдэм.

Зеленчук станицэр илъэси 166-рэ зэрырикъум теухуа Iуэхугъуэхэм а махуэм хэтащ Пятигорскрэ Черкесскрэ я архиепископ Феофилакт. Чыристан динырылажьэр я пашэу тхьэлъэIушхуэ щрагъэкIуэкIащ апостол Петррэ Павелрэ я цIэкIэ станицэ къулъшырыфым.

КъыкIэлъыкIуэ махуэм, бадзэуэгъуэм и 13-м, Феофилакт къеблэгъащ Черкесск къалэм. Ар я пашэу Никольскэ соборми тхьэлъэIушхуэ щекIуэкIащ.

**ТУАРШЫ Ирэ**

Къызэралъхурэ илъэси 110-рэ щрикъум

# Пэжыр игъэнэхъыщхьэт

**Бадзэуэгъуэм и 17-м, къапщтэмэ, нобэ, къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу Къэрэшей-Черкесым щIыхь зиIэ и журналист, тхакIуэ гъуэзэджэ, Хэку зауэшхуэм хэта НЕЖИНСКИЙ Валентин Алексеевич.**



ТХАКIУЭМ и IэдакъэщIэкI хъуащ ди хэкуэгъухэу, Беларусым, Украинэм, Брянщинэм щыщу Хэку зауэшухэм и лIыхъужьхэм ятеухуа тхылъийр. КъинэмыщIауэ, ар щIэныгъэлI-къэхутакIуэу щыткIэрэ, «Очерки истории Карачаево-Черкесии» тхылъым и Iыхьэ бжыгъэми я автор хъуащ. Абы и тхылъхэм ящыщщ «От Кавказа до Берлина», «Солдаты умирают с оружием», «Они прославили Ставрополье», «Сердца молодые», «Это было на войне», «Под боевыми знаменами», «Звезды Героев» хуэдэхэр.

Нежинский Валентин 1915 гъэм Кубаным къыщыхъуащ. Курыт еджапIэм щеджэу, и ныбжьыр илъэс 15 хъууэ ар Владикавказ къалэм и Iэхэлъахэм щыIэ хъызмэтым лэжьакIуэу яхыхьащ. 1932 гъэм еджапIэр къиуха нэужь, и лэжьыгъэм щыпищащ Батуми и «Аджарстрой» трестым. ЩIалэм лэжьыгъэри, ухуакIуэ техникумым щеджэнри зэдихьащ. И IэщIагъэкIэ ухуакIуэми, 1936 гъэм ирихьэлIэу Валентин журналистикэм дихьэхащ. Апхуэдэуи Аджарием къыщыдэкI «Заря Востока» газетым и корреспондент хъуащ. И псэр дэзыхьэхыпа а IэщIагъэм хуеджэну мурад ищIри, Ленинград дэт, Воровский и цIэр зезыхьэ, журналистикэмкIэ институтым 1939 гъэм щIэтIысхьэжащ. Абдеж, жыIэпхъэщи, тхакIуэр хуэзащ иужькIэ и щхьэгъусэ хъуа, илъэс 64-кIэ зыдэпсэуа Нинэ.

Институтыр къаухри, дипломым теухуа практикэр абыхэм «Коммунист Таджикистана» газетым щрахьэкIыну ягъэкIуауэ щытащ. Абы щыIэущ Хэку зауэшхуэри щыщIидзар.

Валентин и нэхэм тыншу зэрамылъагъум къыхэкIыу, ар зауэм дашыну и гугъу къащIтэкъым, ауэ езыр фронтым Iухьэну хущIэкъут. Апхуэдэу 1941 гъэм добровольцу фронтым яфIэкIуащ.

ЛъэсырызекIуэ, зауэ-политическэ училищэхэр щIэгъэпсынщIауэ къиухри, «Мы победим» газетым жэуап зыхь и секретару илъэс ныкъуэкIэ ягъэлэжьащ. ИужькIэ 10-нэ гвардейскэ дзэм и политкъудамэм и инструктор нэхъыжь ящIащ. Нежинский хэтащ Ржев, Смоленск, Витебск, Ригэ унэтIыныгъэхэмкIэ щекIуэкIа зэхэуэхэм. Валентин зэрихьа лIыгъэм папщIэ къыхуагъэфэщащ «Красной Звезды» орденитIыр, «Отечественной войны 1-ой и 2-ой степени» орденыр, «За победу над Германией 1941-1945 гг.», «За боевые заслуги» медалхэр.

Зауэр иуха нэужь, майор Нежинский Военно-дипломатическэ академием яунэтIащ. Абдеж китаистикэмкIэ къудамэм къыщыхутащ. Академиер къиуха нэужь Нежинский хэха егъэджэныгъэ щрихьэкIащ тIасхъэщIэх управленэ Нэхъыщхьэм. Абы къыкIэлъыкIуащ илъэсищкIэ Сиам щрихьэкIа командировкэр. Абдеж ипхъу нэхъыжь Владэ къыщыхъуащ. ИужькIэ Генштабым, мобилизацэкIэ управленэ Нэхъыщхьэм, военкоматым и военком лэжьыгъэхэм пэрытащ.

1958 гъэм Нежинский Валентин Къэрэшей-Черкес автоном областым и зауэ комиссар IэнатIэр къыхуагъэфащэ. Апхуэдэу Валентин ди хэгъуэгум къыщыхута хъуащ. 1962 гъэм ар зыгъэпсэхугъуэ пIалъэм нэсати, дэнэ куэшыжынуми хуитт, арщхьэкIэ мы щIыпIэр и псэм дыхьащ, фIыуэ илъэгъуащ. Абы къыхэкIыу мыбдеж къыщынэну, зыщIэхъуэпс журналистикэм зритыжыну мурад ищIащ. Зэуэ жыIэпхъэщи, Валентин зауэм хэта куэдым яIущIэ зэпытт, хэкIуэдахэм ятеухуа хъыбархэр тIэкIу-тIэкIуурэ зэхуихьэсыжт, Хэку зауэшхуэм щыгъуэ нагъыщэхэр зыхуагъэфэща, ауэ кIуэда дэфтэрхэр архивхэм къыхилъыхъуэжт. НэгъуэщIу жыпIэмэ, Нежинский лэжьыгъэ купщIафIэ иригъэкIуэкIащ икIи, зи цIэ-унагъуэцIэр тхыдэм хатхыкIыжа лIыхъужь куэдым я фэеплъ нэхур абы и фIыщIэщ зэрытхъумэфар. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, Къуныжь Зэмэхъшэрий и хъыбарри. Белофинхэм япэщIэткIэрэ, Къуныжьым Совет Союзым и ЛIыхъужь щIыхьыцIэ лъапIэр къыхуагъэфэщауэ щытащ. Куэд дэмыкIыу Хэку зауэшхуэри къежьащ. ЩIалэр япэ махуэхэм щыщIэдзауэ зэхэуэхэм хэтащ икIи уIэгъэ хьэлъэхэр игъуэтауэ щытащ. КъеIэза нэужь, унэм къагъэкIуэжащ. Къуажэм къыщыкIуэжа пIалъэр Къэрэшей-Черкесыр оккупацэм щихуам техуащ.

Къуныжьым и зауэ уIэгъэхэр хъужатэкъыми, езыр-езыру зекIуэфтэкъым. Абы къыхэкIыу, оккупацэм ит щIыпIэм къина хъуащ. Аращ щхьэусыгъуэ хуэхъуауэ щытар ар илъэси 10-кIэ хьэпсэм ягъэтIысыным, и цIэр тхыдэм хатхыкIыжыным. Абы и хъыбарым IупщIу щыгъуазэ Нежинский щIалэм и цIэр игъэзэхуэжыну мурад ищIащ. Дэфтэрхэр зэригъэпэщщ, Совет Союзым и маршал Захаров Матвей деж кIуэри, псори хуиIуатэри, пэжыр тепщэ щIыжыным щIэлъэIуащ.

Апхуэдэу 1970 гъэм Къуныжьым и уголовнэ Iуэхур щIаплъыкIыжри, зыкIи зэрымыкъуаншар ягъэбелджылащ, Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэ лъапIэри къыхуагъэфэщэжащ.

КъинэмыщIауэ, Нежинский апхуэдэу зытетхыхьа, зи лIыхъужьыгъэр наIуэ ищIа зауэлI хахуэхэм, Совет Союзым и ЛIыхъужьхэм ящыщщ Къардэн Мурат, Белан Сергей, Енжиевский Андрей, Богатырев Хьэрун, Калоев Александр, Стариков Дмитрий сымэ, «Славы трех степеней» орденым и кавалер Бэжанэ Чэрим, зауэ нэужьым дунейм ехыжа зауэлI хахуэ куэдыр.

Нежинский архив зэхуэмыдэхэм къыщилъыхъуэжа дэфтэрхэм я фIыщIэкIэ, ди щIыпIэм щыщ зауэлI хахуэ куэдым я хъыбархэр IупщI хъуащ икIи хуагъэфэщащ: Совет Союзым и ЛIыхъужь – Касаев Уэсмэн, Кумуков Хьэлмырзэ, Калоев Александр; Урысейм и ЛIыхъужь – Хаиркизов Кичи-Батыр, Каракетов Юнус, Къардэн Уэхьид сымэ.

Нежинский Валентин ди хэгъуэгум щигуэщIа IуэхугъуэфIхэм папщIэ Черкесск къалэм ЩIыхь зиIэ и къалэдэс япэ дыдэу ящIащ. Ар Хьэбэз районми ЩIыхь зиIэ и цIыхущ, лъэпкъхэм я Зэныбжьэгъугъэм и орденыр къыхуагъэфэщащ.

Хэкупсагъэр зыхэлъа лIым щIалэгъуалэр Хэкур фIыуэ лъагъуным, зауэм щхьэмыгъазэу хэта лIыхъужьхэм пщIэ яхуэщIыным хуигъасэт. Апхуэдэу Клухор, Марыхъу щхьэдэхыпIэхэм, зэхэуэхэр здекIуэкIахэм слет-дэкI къызэригъэпэщт, езыри абыхэм яхэтт.

Мы цIыху гъэщIэгъуэным пщIэ зэрыхуащIыр иджыри зэ ягъэбелджылыуэ Черкесск къалэм, ар зыщыпсэуа унэм и блыным фэеплъ пхъэбгъу кIэралъхьащ.

Нежинский Валентин фIым, пэжым хущIэкъуу псэуащ. Ар сэбэп зыхуэхъуфыну зыми хьэуэ жриIакъым. Аращ цIыхубэм я псэри щIихьэхуар, хамэщI къикIами, ди хэкуэгъу нэс хъун щIылъэкIар.

Хэку зауэшхуэм и тхыдэр, Къэрэшей-Черкесым щыщ лIыхъужьхэм я хъыбархэр хэIущIыIу щIынымкIэ Нежинский Валентин игуэщIар къыпхуэмыпщытэну куэдщ.

**Зыгъэхьэзырар ГЪУКIЭКЪУЛ Иринэщ**

Медицинэ ехъулIэныгъэ

Дифl догъэльапlэ

**ЦIыхур дунейм къызэрытехьэрэ, псори зэщIэзыубыдэ узыфэ, уз зэрыцIалэ дапщэм пэщIэхуа, пхыкIа? Тало, емынэ, фэрэкI, нэгъуэщI куэди къызэднэкIыфащ эпидемиологие щIэныгъэм зэрызиужьым и фIыгъэкIэ. Арами, зэманым щIэуэ къыдохъей нэгъуэщI бактериехэри, уз къэзышэ микробыщIэхэри. ИкIи, эпидемиологхэм я лэжьыгъэм куэдкIэ елъытащ дяпэкIэ жылагъуэм и узыншагъэр хъумэныр, егъэфIэкIуэныр.**

**Медицинэ IэщIагъэхэм ящыщ эпидемиологиери зыфIэгъэщIэгъуэн, абы зи гуащIэ хэзылъхьэ ныбжьыщIэхэр куэду къахокI. Апхуэдэхэм ар IэщIагъэ зэрахуэхъум и мызакъуэу, щIэныгъэм нэхъ кууэ хэгъуазэхэр щыплъагъукIэ, гугъапIэ къыдат зэманыщIэм къыдежьэ узыфэ зэрыцIалэхэми дызэрыпэлъэщынымкIэ.**

**Апхуэдэщ Къэрэшей-Черкесым и клиникэ сымаджэщымрэ СПИД-м ебэнынымрэкIэ Купсэмрэ я дохутыр-эпидемиолог АРЧЭЛ Мэржанэт Руслан и пхъур. Илъэс 12 хъуауэ а лэжьыгъэм пщIэрэ щытхъурэ щиIэу пэрытщ. ЗэрыцIыкIу лъандэрэ щIэныгъэр фIыуэ зылъагъуу, гумызагъэу къэтэджа Мэржанэт зи лэжьыгъэ гъэзэщIэкIэм арэзы техъуэу я деж екIуэлIэжхэм ящыщкъым. Абы нэгъуэщI Iуэхухэми зрепщыт, и щIэныгъэм хегъахъуэ. Иджыблагъэ биологие щIэныгъэхэм я кандидат хъунымкIэ и лэжьыгъэр ехъулIэныгъэ пылъу пхигъэкIащ.**

**Медицинэ унэтIыныгъэр Мэржанэт ауэ нокIуэкIэ къыхихакъым. Пщащэр абы дезыгъэхьэхар и адэшхуэ Арчэл Индрисщ. Абы къулыкъу здищIам щрагъэджауэ щытат медицинэм и лэжьакIуэу. Къызыщалъхуа къуажэм къигъэзэжу нэгъуэщI лэжьыгъэм щыпэрыувэжами, медицинэм хуиIэ хъуа щытыкIэ хэхар къэлъытэгъуейт.**



# МЭРЖАНЭТ — хъугъуэфIыгъуэщ, мэржаным хуэдэу

— И IэщIагъэм иримылэжьэфами, хуабжьу абы хицIыхукIт, фIыуэ илъагъут, здеджари и егъэджакIуэхэри щыгъупщэтэкъым. Си IэщIагъэм хуэсщIа фIылъагъуныгъэр абы и дежщ къыздежьар, — дыщегъэгъуазэ Мэржанэт.

Абы Куэш-Хьэблэ къуажэм дэт еджапIэр къызэриухыу, Ростов къэрал медицинэ университетым и «Медико-профилактическое дело» къудамэм щIыхьащ. Ар къиуха нэужь, интернатурэм ипкъ иту «Эпидемиологие» дохутыр IэщIагъэри зригъэгъуэтыжащ. И еджэн Iуэхухэр зэрызэфIигъэкIыу, лэжьэн щыщIидзащ нобэ и гуащIэ здыщигъэтIылъ купсэм.

IэщIагъэр зыфIэгъэщIэгъуэн цIыхур зы лэжьыгъэкIэ къызэтеувыIэкъым. И ныбжьым емылъытауэ, и лэжьыгъэ нэхъыщхьэм къыдэкIуэу, ар эпидемиологиемкIэ егъэджакIуэу щылэжьащ Черкесск къалэм дэт медицинэ колледжми. 2017 гъэ лъандэрэ егъэджакIуэ IэщIагъэм щыпищащ Ищхъэрэ-Кавказ къэрал академием и медицинэ институтым.

Эпидемиологие щIэныгъэр узыIэпишэрэ гъэщIэгъуэну зэрыщытыр къыхегъэщ дохутырым. И лэжьыгъэм деж эпидемием пэщIэт профилактикэ Iуэхугъуэхэр къызэгъэпэщыныр и къалэнщ. Ар уз зэрыцIалэхэр къыщежьэ зэманым хуэхьэзыру зэрыщытыным пылъщ, санитар-эпидемиологие щытыкIэхэр медицинэ IуэхущIапIэхэм къызэрыщызэрагъэпэщым кIэлъоплъ.

И лэжьыгъэмкIэ гъэунэхуныгъэшхуэхэм пэщIэхуат «ковид» уз зэрыцIалэр къыщежьа зэманым. Арчэлыр — КъЧР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и Министерствэм штатым хэмыт и IэщIагъэрылажьэ нэхъыщхьэщ. Ковидым епха уIэгъэщхэр гъэхьэзырыным, узыфэм пэщIэтынымкIэ лэжьыгъэ гъэкIуэтэным и курыкупсэм хэтыныр зи пщэ дэкIахэм ящыщщ.

— Япэхуным дыхуэгъэзат а уз мыхъумыщIэм. Ауэ, щIэзмыхъумэу жысIэнщи, гугъу дехьащ. Хьэлъэт езы лэжьыгъэр егъэкIуэкIынри, къызэгъэпэщынри, психологие и лъэныкъуэкIэ зэпIэзэрыту укъэнэнри. ТкIиягъ, ерыщагъ къызыкъуэтхын хуейт. Узыр зищIысым ущыщымыгъуазэкIэ, уи Iуэху еплъыкIэми зэщхьэщыкIыныгъэ куэд къыхохьэ. Ауэ, ди дохутыр хэкупсэхэр, зи лэжьыгъэм хуэпэжхэр, зи IэщIагъэр зыфIэгъэщIэгъуэнхэр къызэрытхэтым и фIыгъэкIэ, сыт хуэдэ гугъуехьри къызэднэкIыфащ. Абы дэ къыдитащ уз зэрыцIалэщIэхэм дазэрыпэщIэтынымкIэ гъэунэхуныгъэшхуэхэр. Сэ си лэжьыгъэмкIэ абы мыхьэнэшхуэ иIэу солъытэ, — игу къегъэкIыж дохутырым жылагъуэр зыхэта зэман ерур.

Эпидемиологием къызэщIиубыдэ лъэныкъуэхэр зыфIэгъэщIэгъуэн бзылъхугъэр щIэныгъэми хуэерыщти, абы нэхъ кууэ зыщигъэгъуэзэн щIидзащ.

— Дохутыр IэщIагъэр лэжьыгъэ къудейкъым, ар щIэныгъэм псэкIэ упызыщIэ Iэмалщ. Пэжу жыпIэмэ, щIэныгъэ лэжьыгъэр зяужь сихьа е къыхэсха унэтIыныгъэу згъэбелджылауэ схужыIэнукъым. Си лэжьыгъэм ипкъ иту федеральнэ, лъэпкъыбэ мыхьэнэ зиIэу сызыхэта медицинэ щIэнIуатэ зэхуэсхэм, конгрессхэм узыншагъэр хъумэнымкIэ къыщаIэт, мыхьэнэшхуэ зыхэлъ Iуэхугъуэхэм сыкъыхуагъэушащ жылагъуэм и узыншагъэр хъумэным си гуащIэ Iыхьэ хэслъхьэну.

Ар си IэщIагъэм къыдэкIуа къудейщи, щIэныгъэм фIылъагъуныгъэ хузиIэнымрэ цIыхум и гъащIэм зэхъуэкIыныгъэфI хэслъхьэнымрэкIэ си хъуэпсапIэм къысхуигъэуша нэщэнэуи плъытэ хъунущ, — щIэныгъэм хича лъэбакъуэхэм къытопсэлъыхь дохутыр-эпидемиологыр.

Мэржанэт и лэжьыгъэр триухуащ Къэрэшей-Черкесым деж маркуэ лIэужьыгъуэхэр (гельминтозоонозхэр) нэхъыщхьэу къэзыгъэятэмрэ абы узэрыпэщIэтыфын Iэмалхэр зэтегъэпсыхьэнымрэ. Абы папщIэ ди щIыпIэми апхуэдэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэшхуэ щригъэкIуэкIащ.

— Къэрэшей-Черкесым езым и щIыуэпс, жьыуэпс зэщхьэщыкIыныгъэхэр иIэжщ. Абы и щыхьэту къэхьыпхъэщ ди лъахэр турист инфраструктурэмрэ Iэщхъуныгъэмрэ тегъэпсыхьауэ зэрыщытым къыхэкIыу, апхуэдэ къэхутэныгъэхэм мыхьэнэ зэраIэр, — щIегъуж дохутырым.

Къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр абы иригъэкIуэкIащ 2017 гъэм къыщыщIэдзауэ 2023 гъэм нэгъунэ. Ди хэгъуэгум и щIыгухэм, турист-рекриацэ инфрастурктурэхэм, Iэщ зекIуапIэхэм, бгы хъупIэхэм апхуэдэ маркуэ лIэужьыгъуэхэм (гельминтхэм) я джэдыкIэхэм уазэрыщыхуэзэр зэхигъэкIащ. Абы и лэжьыгъэхэр студентхэм папщIэ къыдагъэкIа методическэ пособэхэми ихуащ. Республикэм узыншагъэр щегъэфIэкIуэным теухуауэ лэжьыгъэ купщIафIэ щригъэкIуэкIащ. А къэхутэныгъэхэр иджы КъЧР-ми, нэгъуэщI хэгъуэгухэми къыщагъэсэбэпыфынущ эпидемием пэщIэт Iуэхугъуэхэр, щIэплъыкIыныгъэхэр щрагъэкIуэкIкIэ.

— Уи лэжьыгъэр диссертацэ Советым и пащхьэм щиплъхьа нэужь, «За» жызыIэу зи Iэ къэзыIэтар нэхъыбэу щыплъагъукIэ, псори къыщохъуэхъукIэ... А дакъикъэхэм уогупсыс «Сыту сыбланэ, атIэ!» Ауэ, ар зыхуэзгъэувыжа къалэнхэм ящыщ, мыхьэнэ зиIэ си гуащIэ зы Iыхьэ цIыкIу закъуэщ.

ЩIэныгъэ лэжьыгъэр пхыбгъэкIыныр хьэлъэми, аращ уи зыужьыныгъэм лъабжьэ хуэхъужыр, — къыджеIэ ди псэлъэгъум.

Ауэ, зи къалэнхэр абыкIэ зымыух Мэржанэт, шэч хэлъкъым, дяпэкIи и лэжьыгъэкIи, щIэныгъэкIи ехъулIэныгъэфIхэр зэриIэнум, ипэкIэ зэрыкIуэтэнум. Тхьэм иригъэфIакIуэ!

**БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ**

Социальнэ инфраструктурэ

# ЕджэгъуэщIэм — еджапIэщIэ

↷1

Абы и кIуэцIым хэтщ щылэжьэнухэри щеджэнухэри зыгъэтыншын, лэжьыгъэм щхьэпэн Iэмал псори: класс Iэхуитлъэхуитышхуэ 46-м зэрынэхьэс, зытхьэщIыпIэ пыщIыкIхэмрэ Iэ тхьэщIыпIэхэмрэ, шхапIэпщэфIапIэ, зы тонн хьэлъагъ зи къару лифт, зи узыншагъэмкIэ дагъуэ зиIэхэм я къулеягъым тегъэпсыхьа дэкIуеипIэ, зекIуапIэ Iэмалхэр, турникетхэр, еджапIэ хъуреягъыр, пщIантIи, кIуэцIи, псори видео-IэмалхэмкIэ къызэгъэпэщащ. ПщIантIэр ауэ къызэрымыкIуэу Iэхуитлъэхуитщ икIи ар плIанэпэ-плIанэпэу гуэшащ, щхьэж и IуэхущIафэ тегъэпсыхьауэ, иужьрей лэжьыгъэхэм къызэщIрагъэубыдэу зыхуэныкъуэхэмкIэ зэрызэрагъэпэщыжынум ежьэу. Апхуэдэщи, пщIантIэм хэтщ еджапIэкIуэцI зэхуэсхэр щрагъэкIуэкIыну, метр зэбгъузэнатIэ 750-рэ зи инагъ щIыпIэ, футбол, волейбол, баскетбол джэгупIэ, гимнастикэ щIыпIэ, къэжыхьыпIэ, зыгъэпсэхупIэхэр, езым и котельнэ иIэнущ.

— Зэманым къигъэув щытыкIэ псоми тегъэпсыхьа, къулейуэ къызэгъэпэща еджапIэщ, — апхуэдэу уасэфI ухуэныгъэм хуигъэуващ мыпхуэдэ лэжьыгъэхэм илъэс куэд хъуауэ хэт Лайпановым.

— ЕджапIэм ещIылIэн хуейуэ къэнэжаишхуэ щыIэкъым. Классхэр хуитщ, нэхущ, тыншщ. ЕджакIуэхэр сыт и лъэныкъуэкIи къызэгъэпэщауэ щытынущ. Классхэм щIэтыну унэлъащIэ хьэпшыпми, еджэныгъэм къыщыдгъэсэбэпынуми дегупсысащ, къытIэрыхьэну дыпоплъэ. Зэгуэрми хуэмыдэу мы гъэм еджэгъуэ илъэсыщIэр щыщIэддзэжынум дытемыпыIэжу дожьэ. Ар анэ-адэхэми, еджакIуэхэми, егъэджакIуэхэми ди зэхуэдэ щытыкIэщ, шэч хэлъ-къым. Псори зэхэту еджакIуэ 264-рэ еджэгъуэ илъэсыщIэм диIэнущ. ЖыIэпхъэщи, лицейм щеджэну хуейр нэхъыбэжщ.

ЩIэщыгъуэ куэд хэтынущ лицейм. Апхуэдэщ хьэлъэзешэ лифтыр, турникетхэр, шхапIэр. КъыхэгъэщыпхъэщIи, лицейм и общежитэми шхапIэ иIэщ. Ари лэжьэнущ, лицей кIуэцIми шхапIэ хэтынущ. ТIуми еджакIуэ бгъурыбгъу щIэхуэнущ, — дыщигъэгъуэзащ лицей-интернатым и унафэщI КIытIэ Еленэ.

ЗэIущIэ-щIэплъыкIыныгъэм икIэм Къэзэнокъуэ Къэрым къызэрыджиIащи, икъукIэ дахэрэ екIуу, зэманым къигъэув къулеягъым щыщу зыри къыхуэмытыжу зэгъэпэщащ ухуэныгъэр.

Апхуэдэ гуащIэм щIэнгъуазэ нэскIэ пэджэжын еджакIуэ лицейр щымыщIэну догугъэ.

**ТУАРШЫ Ирэ**







Пресс-конференцэ

Мэкъумэш хъызмэт

# Агропромым и Iуэхухэм

↷1

КъэкIыгъэщIэ гуэрхэр хасэн яубла жыпIэмэ, министрым къызэрыхигъэщымкIэ, ди къэкIыгъэгъэкIхэр Iуэхум апхуэдэу бгъэдыхьэ я хабзэщи, фIыуэ къахъулIэ къэкIыгъэр лъэныкъуэ ирагъэзу нэгъуэщIым иужь ихьэным таучэл тращIащэкъым. Ауэ IэмалыщIэхэр къагъэIэрыхуэ. Псалъэм и жыIэгъуэкIэ, иджы щIэгъэхуэбжьауэ къагъэсэбэп псы щIэгъэлъэдэныр (мелиорацэр), псы щIагъэлъадэурэ кIэртIоф нэхъыбэ ягъэкI хъуащ. Гулъытэ хэха хуащI «борщевой набор» жыхуаIэм хыхьэ кIэртIофым, къэбыстэм, жэгундэ плъыжьым, пхъым, бжьыным. Гъэхэр зэхуэдэкъым, зы къэкIыгъэ лIэужьыгъуэм бэвагъышхуэ имыIэми, адрейхэм мэкъумэшыщIэхэр «къыщыдахыж» мэхъу. Фермерхэр иджы щIэныгъэ бгъэдыхьэкIэкIэ мэлажьэ, къалъыхъуэ я щIыгухэм нэхъ тегъэпсыхьа къэкIыгъэхэр, къагъэIэрыхуэ агротехникэ IэмалыщIэхэр. Апхуэдэ лэжьыгъэм зэреджэр «диверсификацэщ». Абы хъызмэтыр щехъумэ щIыуэпс къэхъугъэ къызэрымыкIуэхэм, сату утыкум и зэкIэлъымыкIуэныгъэхэм.

Министрым къыхигъэщащ губгъуэм къикIа гъавэр, хадэцIыкIухэкIхэр, пхъэщхьэмыщхьэхэр цIыхухэм я Iэнэм техьэн папщIэ, ар мыкIуэду пхъумэн, абы уелэжьын зэрыхуейр. Абы къыхэкIыу, яхузэфIэкI къагъанэкъым елэжь промышленностым зегъэужьыным, хъумапIэхэр ухуэным хуэунэтIауэ.

Биджиевыр къытеувыIащ губгъуэхэм къыщагъэкIахэр сату утыкум зэрыпхагъэкIым, псалъэм и жыIэгъуэкIэ, гуэдзыр, кIэртIофыр, хадэцIыкIухэкIхэр, пхъэщхьэмыщхьэхэр здашэ хэгъуэгухэм, къэралхэм. КъызэрыхигъэщамкIэ, дэ зыкъэдгъанэу нэгъуэщIхэм зыри ятщэкъым. Дэ, ди гъунэгъу хэгъуэгухэр зыхуэныкъуэр ди къэралым, хэгъуэгум къонэ. Къыдэл мэкъумэш продукцэр нэгъуэщI къэралхэми ядощэ. ДогъакIуэ Ираным, Тыркум, КъуэкIыпIэ гъунэгъу къэралхэм. Гуэдз дошэ Африкэм. Ди республикэр Урысей Федерацэм и Iыхьэщ, икIи къэралым сату зыдищIэхэм яхуигъакIуэ продукцэм дэри хэлъхьэныгъэ Iыхьэ худощI.

Министрым и къэпсэлъэныгъэм къызэрыхэщамкIэ, иужьрей зэманым Къэрэшей-Черкесым зыщиужьащ хадэцIыкIухэкIхэр щIэным, жыг хадэхэр щIэгъэпсынщIауэ гъэкIыным. Иужьрей зэманым ди деж щагъэтIысащ жыг хадэ гектар 1100-м нэблагъэ. ЯгъэкI мыIэрысейхэр, кхъужьейхэр, нэгъуэщI пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэр.

Iэщхъуныгъэм и гугъу къыщригъажьэм, министрым гу зэрылъитащи, мыр Къэрэшей-Черкесым и тхыдэкIи, и лъэпкъхэм, я псэуукIэкIи нэхъ тегъэпсыхьа IэнатIэщ. Абы къыхэкIыу абы гулъытэ худощI. Къэрэшей-Черкесым мэлу щаIыгъщ 1 мелуаным нэблагъэ, Iэщ пIащэу мини 150-160–рэ. Шыуэ мин 20, мин 21-рэ хуэдиз диIэщ. ЩыIэщ джэдкъаз здахъу хъызмэтхэр. Министрым гу зэрылъитащи, дэ хэгъэщхьэхукIауэ дыпылъкъым Iэщ щхьэ бжыгъэр хэгъэхъуэным, хъубжапхъэ лэжьыгъэ идогъэкIуэкI Iэщ лъэпкъыфIхэр зэдгъэпэщыным хуэунэтIауэ.

Министрым къызэрилъытэмкIэ, фIы куэдым ущагъэгугъ лым елэжь «Кавказ-Мясо», «Дамате» предприятэхэм... Ахэр зэлэжьыну лыр къэзытыну Iэщыр зэрагъэшхэнум, зэрахъунум пылъщ, Iэщ зыIыгъ хъызмэтхэм ядоIэпыкъу Iэмал зэхуэмыдэхэмкIэ.

Гъэшым и гугъу тщIымэ, ди республикэм гъэ къэси шэ тонн мин 200 къыщалэжь, нэгъабэ а бжыгъэр мин 211-м нэсащ. Мы гъэми гугъапIэфIхэр щыIэщ.

Инвестицэхэм я лъэныкъуэкIэ дыкърекIуэкIынщи, ди республикэм и мэкъумэш хъызмэтым ахъшэ къыхэзылъхьэну щIэхъуэпс инвесторхэр нэхъыбэу къыдешэх къэралым Къэрэшей-Черкесым хуэгъэкIуэтэныгъэкIэ щIыхуэ (льготное кредитование) къызэрыритым.

Инвестицэ проектхэм я гугъу щищIым, министрым къызэрыхигъэщащи, проектхэм я къэухьым ит ахъшэр хэхъуэнкIи, хэщIынкIи мэхъу. Псалъэм и жыIэгъуэкIэ, иджырэ къыздэсым дэ къытхуашэ жыгыщIэхэр нэгъуэщI къэралхэм къращу щытащ. Шэч хэлъкъым ахэр зэрыфIым, ауэ икIи нэхъ лъапIэщ. Иджы дэ нэхъыбэу тегъэщIапIэ тщIыр щIыдэлъху жыгыщIэ цIыкIухэращ. Ахэр нэхъ пудщ. Нэхъапэу хуэгъэкIуэтэныгъэкIэ щIыхуэ зыхухахри ахэращ. Апхуэдэу щыщыткIэ, мыбдежым инвестицэ проектым щIыгъу ахъшэр нэхъ мащIэщ.

Къэрэшей-Черкесым и агропромышленнэ комплексым и зыужьыныгъэм хуэунэтIауэ щыIэ гугъапIэхэм яхьэлIауэ министрым зэрыжиIащи, Iэщ хъуным, лы къэлэжьыным ящIыгъуу, республикэр нэхъ зэлIэлIэну къыпэплъэ IэнатIэхэм ящыщщ мелиорацэр, жыг хадэхэр гъэкIыныр. Абыхэм щIагъэпсынщIэнущ республикэм и агропромышленнэ комплексым и зыужьыныгъэр. Абы щIыгъуу технологиещIэхэмрэ IэмалыщIэхэмрэ къыщыгъэсэбэпын хуейщ мэкъумэш хъызмэт лъэныкъуэ псоми.

Сыт хуэдэ лэжьыгъэри ипэкIэ зэдэгъэкIуэтэн хуейщ.

**ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ**

# Музейм и къежьапIэр

ЖЬАКУЭ къуажэ курыт еджапIэм музей щолажьэ, и къызэгъэпэщыкIэкIэ — тхыдэ – краеведческэ мыхьэнэрэ къалэнрэ игъэзащIэу.

Музейм и лэжьыгъэр къызэгъэпэщащ къыкIэлъыкIуэ лъэныкъуэгъазэхэмкIэ: экспозицэ - фонд, нэгузыужь, лъыхъуэныгъэ, хъыбарегъащIэ – пропагандистскэ, зэхуэтхэ-зэпыщIэныгъэхэмкIэ къудамэ, библиотекэ къудамэ, краеведческэ лэжьыгъэ, нэIэм щIэт дэIэпыкъуныгъэ.

Музейр къагъэщIауэ щытащ 1968 гъэм, тхыдэмкIэ егъэджакIуэхэу: Байчорэ Бучай, Хъупсырокъуэ Мухьэрбий, Мамхэгъ Владимир сымэ я къыхэлъхьэныгъэкIэ, я къару мыкIуэщI ирахьэлIэкIэрэ.

Илъэс пщIы бжыгъэкIэ музейм и унафэщI IэнатIэр щIыхь хэлъу ирихьэкIащ егъэджакIуэ IэщIагъэм илъэс щэныкъуэм щIигъу хуэзыгъэтIылъа Мамхэгъ Владимир Хьэзиз и къуэм (тхьэм здэщыIэм щигъэтынш).

2013 гъэм музейм и унафэщI пщэрылъхэр къыIэщIалъхьащ и лэжьэгъу егъэджакIуэ нэхъыжьхэм я щапхъэм гуащIафIэу нобэ ирикIуэ Гъуэт Заремэ.

Нобэ музейм и хэщIапIэр къызэрымыкIуэу нэгъэсауэ зэтегъэпсыхьащ, сыт и лъэныкъуэкIи пылъхьэншэу къызэгъэпэщащ, Iэхуитлъэхуит пэшышхуэ хухахащ.

# И ехъулIэныгъэхэр

Илъэс хыщIым зэрынэхьэс тхыдэ зиIэ музейм и лэжьыгъэр республикэ, Урысейпсо зэпеуэ куэдым къыщыхагъэщащ, мызэ – мытIэу текIуэныгъэри къыщихьащ, призёри хъуащ. Хэгъуэгум и «ЕджапIэ музей нэхъыфI» фIэщыгъэцIэмкIи и цIэр къраIуауэ щытащ.

И иужьрей ехъулIэныгъэхэм я гугъу пщIымэ, 2021 гъэм музейм текIуэныгъэр къыщилъэщащ лъыхъуэныгъэ лэжьыгъэхэмкIэ еджапIэхэм щыIэ музейхэр здызэхьэзэхуа Урысейпсо зэпеуэм, икIи сом мин 300 зэрылъ сертификатри тыгъэ къыхуащIауэ щытащ.

Мы гъэм, ТекIуэныгъэм и Илъэс 80-у зэрыщытыр Iуэхум къыхэтлъытэкIэрэ, мы тхыгъэмкIэ нэхъыбэу гулъытэ зыхуэтщIынур зауэ щIыхьым и ПлIанэпэу музейм щыхухаха щIыпIэхэращ. Абдежхэм щызэхуэхьэсащ Жьакуэ къуажэм щыщу Хэку зауэшхуэм хэтахэм, хэкIуэдахэм ятеухуа тхыгъэхэр, сурэтхэр, архив дэфтэрхэр...

# Фэеплъыр зыхъумэ стендхэр

* **«Зыри тщыгъупщакъым...»** — къуажэм щыщу Хэку зауэшхуэм дэкIыу къэзымыгъэзэжа зауэлIи 114-м я цIэ, унагъуэцIэхэр, сурэтхэр, ятеухуа хъыбар кIэщIхэр мыбдеж къыщетхэкIащ;
* **«Хэку зауэшхуэм и ветеранхэр»** — зауэм и ветеранхэм я цIэ, унагъуэцIэхэр, я зауэ гъащIэр къэзыгъэлъагъуэ тхыгъэ кIэщI цIыкIухэр къыщыхьащ;
* **«Ди хэкуэгъухэм я зауэ нагъыщэхэр»** — «Поисковик» гупым хэтхэр «Подвиг народа» сайтым и архив дэфтэрхэм ирилажьэкIэрэ, къалъыхъуэжащ я хэкуэгъухэм къалъэщауэ щыта зауэ нагъыщэхэр, ахэр щIэзыгъэбыдэ «наградной лист» тхыгъэхэр, зауэлIым зэрихьа лIыгъэр, нагъыщэр къыщIыхуагъэфащэр къыщетхэкIауэ;
* **«Ди гум ихукъым, я фэеплъыр мыкIуэдыжынщ»** — зи интернациональнэ пщэрылъыр Афганистаным щызыгъэзэщIа я къуажэгъухэм теухуа Iыхьэ.
* **«СВО-м хэт ди щIалэхэм»** плIанэпэр.

# Къалъыхъуэжахэр

**Музейм щахъумэ зауэм хэкIуэда я хэкуэгъу къэс яхьэлIа архив дэфтэрхэр, абыхэм я копиехэр: ахэр хъыбарыншэ зэрыхъуам, е зэхэуэ хьэлъэ здыщекIуэкIа щIыпIэм зэрыхэкIуэдам, е гъэр зэрыхъуам ехьэлIауэ зэщхьэщыхуащ. Апхуэдэу, электроннэ архивхэм илэжьыхькIэрэ, Хэку зауэшхуэм щыгъуэ хъыбарыншэу кIуэда я къуажэгъу зауэлI 14-м я кIуэдыкIэ хъуар къалъыхъуэжащ.**

**Хъыбарыншэу кIуэдауэ щытахэу:**

МАМХЭГЪ Хьэжумар Уэсмэн и къуэр
МАМХЭГЪ Шухьэиб Умар и къуэр
ТЫУЭ Уэсмэн Аслъэн – Джэрий и къуэр
ХЪУПСЫРОКЪУЭ Чэрим Хьэмырзэ и къуэр
ХЬЭЩКЪУЕЙ Хьэсэн Нухь и къуэр
ХЪУБИЙ Хьэмид Али-Мырзэ и къуэр
ШЫБЗЫХЪУЭ Исуф Хьэжы – Бэчыр и къуэр
ШЫБЗЫХЪУЭ Мыхъутар Анзор и къуэр
ШЫБЗЫХЪУЭ Абдул – Къадыр Исмел и къуэр
ШЫБЗЫХЪУЭ Хъызыр Хьисэ и къуэр
ШЫБЗЫХЪУЭ Хьэжы – Мудар Хьэмырзэ и къуэр

**НэмыцэIуэм щикIуэдахэу:**

МАМХЭГЪ Аслъэн Зэрубэч и къуэр
СОНЭ Хьисэ Мэхьмуд и къуэр
СОНЭ Щыхьырбэч Гъузер и къуэр
СОНЭ Умар Къаныкъуэ и къуэр
СОНЭ Хьэсанэ Къанщауэ и къуэр
ШЫБЗЫХЪУЭ Исуф Хьэжмырзэ и къуэр
ХЪУПСЫРОКЪУЭ Рэшид Хьэжмусэ и къуэр

# ЛIыхъужь нагъыщэхэр

ПщIэшхуэ хуащIу «Вагъуэ Плъыжь» орденитI щахъумэ АФIЭУНЭХЭ я унагъуэм. Зыр зейр Хэку зауэшхуэм и гъуэгуанэ кIыхьым лIыхъужьыгъэ къыщигъэлъагъуэу ирикIуа ЗАБЫТЩ. ЕтIуанэ орденыр зейр — Афганистаным зи интернациональнэ пщэрылъхэр щызыгъэзащIэу хэкIуэда и щIалэ IЭУЕСЩ.

**Гу зылъытапхъэ:**

**БАХЪТЫР Iэубэчыр** — тIэунейрэ «Вагъуэ Плъыжь» орденыр (19. 11. 1944 г., 08. 02. 1945 г.) къыхуагъэфэщащ.

**ШЫБЗЫХЪУЭ Хьэзиз Щыхьымбий и къуэм** — тIэунейрэ «Вагъуэ Плъыжь» орденыр къратащ (11 .02. 1945 г., 11. 02. 1945 г.); «За отвагу» (02. 01. 1944 г.); «За боевые заслуги» медалхэмкIэ (02. 07. 1944 г.) и цIэр къраIуащ.

**МАМХЭГЪ Жыхьэбэн Исуф и къуэм** — щэнейрэ, зы илъэсым (!) «За отвагу» медалыр (19. 04. 1944 г.., 23. 08. 1944 г., 07. 11. 1944 г.) къыхуагъэфэщащ. Зауэ нагъыщищри зэуэ къэзылъэща ди республикэм щыIэкъым.



Музейм и зы къуапэм щызэхуэхьэсащ «Письма, опаленные войной» экспозицэр. Ар, зэрыгурыIуэгъуэщи, зыхуэгъэзар зауэм къикIыу къаIэрыхьа, яхъума щимэ-тхыгъэхэращ.

БакIуу Исхьэкъ и щыпхъум къыхуигъэкIуа тхыгъэм дыкъыщоджэ:

*«Уи махуэ фIыуэ, Гуащэхужь. Япэрейуэ, сэлам узох. Псоми фи узыншагъэр, фи псэукIэр, хъыбару зекIуэ псори иту письмо тэрэз псынщIащэу къэтхыж. Афаунов Муссэ, Афаунов Аубекир, Мамхягов Герилах, Хубиев Хасамби,... Федор. Ахэр нэкIуэжамэ къэтх. КъывдэIэпыкъуIамэ, фшхын, вгъэсын фиIэмэ. Нобэ-пщэдей зауэм дыIухьэну хьэзыру дыщытщ, ди бийр къанэ щымыIэу зэтедукIэнущи, псори узыншэу дынэкIуэжынущ. Фымыгужьейуэ фыпсэу. Нэзытхыр Исхьэкъщ».*

**Мой адрес**
**392 Полевая почта,**
**Баков Исхак.**

# «Зи бын куэд зауэм хэкIуэдахэр»

Унагъуэм и зы бын зауэм хэкIуэдамэ, ар пхуэмыIуэтэн гуауэщ, хэщIыныгъэу зэрыримыкъу щыIэкъым. Ауэ, сыт хуэдэ псалъэкIэ къэдгъэлъэгъуэфыну зи бынитI, щы, плIы, тху, хы... зауэм зыIэщIиха анэ-адэхэм я гуауэр? Я щIалэ щырыщым къагъэзэжакъым Мамхэгъ Лъостэнбий, Дэбагъуэ Мырзэбэч, Шыбзыхъуэ Анзор сымэ; я щIалэ тIурытI хэкIуэдащ Адэмокъуэ Хьэжырэт, АфIэунэ Екъуб, БакIуухэ Ахьмэдрэ Аджыгуейрэ, Дэбагъуэ Аслъэнбэч, Мамхэгъхэ Илас, Зэрубэч, Кушыку, Мэшэжь Даут, Сонэхэ Бахъситрэ Алхъэсрэ, Теркъул Къаныкъуэ, Хъупсырокъуэхэ Аминэрэ Хьэмырзэрэ, Хьэщкъуей Хьэрун, Шыбзыхъуэ Ехья сымэ я унагъуэхэм.

Хэкум я щхьэр хуагъэтIылъащ МАМХЭГЪХЭ Лъостэнбийрэ Къанитатрэ я къуищым.

1939 гъэм щIышылэм (январым) и 3-м быным я нэхъыжь Абдула Дзэ Плъыжьым къулыкъу щищIэну даш. ЖыпIэнурамэ, адэ-анэр гусысышхуэ хэттэкъым: дунейр мамырт. Сытым хуэдэу абыхэм ягухэр гуфIэгъуэм зэщIиIэтэрэт Совет – Польскэ гъунапкъэм къулыкъу щызыщIэ я щIалэ пажэм и письмо къащыIэрыхьэкIэ!

1940 гъэм и мазаем и къулыкъу щIэгъуэр къэсауэ дзэм даш зэкъуэшхэм я курыт Сэхьид.

Быным я нэхъыщIэ Iэбубэчыр зауэм Iуохьэ и ныбжьыр илъэс 18 хъуа къудейуэ, 1942 гъэм и гъатхэпэ (март) мазэм.

ЩIалэ нэхъыщIэм къыбгъэдэкIа хъыбар иужьрейуэ унагъуэм къащыIэрыхьар 1943 гъэм и мазае (февраль) мазэращ.

А илъэс дыдэм и мэлыжьыхь (апрель) мазэм щыщIэдзауэ щIалэ нэхъыжьитIми я тхыгъэ адэ-анэм къаIэрыхьэжакъым...

Пощтзехьэм махуэ къэс пэплъэ, пежьэ анэ тхьэмыщкIэм и гугъэр хихтэкъым и зы щIалэм нэхъ нэмыIэми, и хъыбар къыIэрыхьэным. Ауэ... Къэхъуакъым апхуэдэр. Зэкъуэшищри хъыбарыншэу зауэм щыкIуэдащ.

# Илъэс 70 текIыжауэ...

Зауэ щIыхьым и плIанэпэм щIыпIэ хэха щеубыд «Унэм хуэкIуэж гъуэгуанэ кIыхь» экспозицэм. Ар зытеухуар МЭШЭЖЬ Хьэлым Даут и къуэращ.

Зэхэуэ гуащIэ екIуэкIыу хэкIуэда жьакуэдэс щIалэр «Долина» лъыхъуакIуэ гупым хэтхэм къагъуэтыжри, зауэлIым и хьэпшыпхэри, езым и хьэдэ къупщхьэхэри илъэс 70 текIыжауэ, и хэку цIыкIум къаIэрагъэхьэжауэ щытащ.

2014 гъэм и мэлыжьыхь мазэу Мэшэжь Мусэ и щIалэ Мухьэмэд телефонкIэ къыхуекIэпсэуам хъыбар къригъэщIащ Жьакуэ фIыуэ пэжыжьэ Новгородскэ областым и Iэхэлъахэм щыIэ жылагъуэ цIыкIум пэгъунэгъуу, и адэм и къуэш Хьэлым и хьэдэ къупщхьэхэр, и зауэлI хьэпшыпхэр къызэралъыхъуэжамкIэ.

ЗэрацIыхур арати, Хьэлым 1943 гъэм хъыбарыншэу зэрыкIуэдам хуэгъэзауэ унагъуэм тхыгъэ къаIэрыхьат.

Апхуэдэу Iуэхур къыщыщIэкIым, 2015 гъэм и мэлыжьыхь мазэм, ТекIуэныгъэм и Илъэс 75-р къэблагъэу, зауэлIым и хьэдэ къупщхьэхэр хэку цIыкIум къашэжри, щIыхь пылъу щагъэтIылъыжауэ щытащ Хьэлым къыздэхъуа Жьакуэ къуажэм дэт кхъэм, и къуэш, зауэм и ветеран Мусэрэ, абы и щIалэ, Афганистаным хэкIуэда Хьэсинрэ ябгъурылъу.

Мэшэжьхэ я унагъуэм музейм тыгъэ лъапIэхэр къыхуащIащ: Хьэлым къыщагъуэтыжам щыгъуэ къаIэрыхьа и хьэпшыпхэр – фалъэр, сэлэт фляжкэр, и сэлэт медальоным кърахьа ахъшэ аттестатыр, зауэлIым и карточкэр, фIыщэу илъагъуу щыта и щхьэгъусэ Хьэлимэт хуитха, ауэ хуимыутIыпща письмор жэуэ.

ЖыпIэнурамэ, зауэм Iухьа зэкъуэшищым я нэхъыжьт Хьэлым. ЩIалэ курытыр хэкIуэдат Ленинград и Iэхэлъахэм. Зэкъуэшхэм я нэхъыщIэ Мусэт зи насып къихьар Хэку зауэшхуэм псэууэ къыхэкIыжыну.

*(Мусэ теухуа тхыгъэ ин ТекIуэныгъэм и Махуэшхуэм — накъыгъэм (майм) и 9-м къыдэкIа «Черкес хэку» газетым тетащ, Аслъэныкъуэ (Хьэтай) Мадинэ и Iэдакъэ къыщIэкIауэ...)*

Хэку зауэшхуэр зэриухрэ илъэс 40 текIыжауэ, Мэшэжьхэ я унагъуэм аргуэру къатепсыхауэ щытащ гуауэ хьэлъэ — Мусэ и щIалэ Хьэсин лIыхъужьу и щхьэр щигъэтIылъат Афганистаным, къэрал щхьэхуэм и щхьэхуитыныгъэм щIэзэууэ.

*(Мэшэжь Хьэсин теухуауэ ди газетым илъэс зэхуэмыдэхэм тхыгъэ куэд дыдэ тетащ. Иужьрейуэ, мазаем (февралым) и 15-м Хьэсин и зауэ гъащIэм и къекIуэкIыкIар IупщI дыдэу къэзыгъэлъагъуэ «И было ему двадцать» дэфтэр рассказыр къытеддзащ).*






























**НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар АБИДОКЪУЭ Люсанэщ.**
**ТхыгъэхэмкIи, сурэтхэмкIи дэIэпыкъуэгъу къытхуэхъуащ Жьакуэ къуажэ курыт еджапIэм и музейм и унафэщI ГЪУЭТ Заремэ**

Лъэпкъ Iуэху

*Лъэпкъ ныр диIэху*
*ди напэри къэбзэнущ,*
*ДымыщIу адыгэгур*
*гъащIэ къуагъ!*
*Лъэпкъ ныр тIэтыху*
*ди щIэблэри диIэнущ!*
*Адыгэр дыщIэтынущ*
*тхьэм и щIагъ!*

**БЕМЫРЗЭ Зураб**

# Ислъэмейм ныпыр щохуарзэ!








Адыгэ ныпыр дызыгъэдахэщ, дызыгъэуардэщ. Сыт хуэдэ Iуэхуми гупсысэ куу щIилъхьэу къэгъуэгурыкIуэ лъэпкъым и ныпми къытощ. Ныпым и плъыфэм, тет вагъуэхэм, шабзэхэм хыдолъагъуэ лIыгъэ, пэжыгъэ, къабзагъэ. Мыбы тхыдэм дыхурегъэплъэкI, ди блэкIамрэ дызыхэпсэукI зэманымрэ зэпэтлъытурэ ипэкIэ дегъаплъэ. Ди ныпыр – хуитыныгъэщ, пщIэнэмысщ, зыIыгъыкIэ екIущ, лIыгъэщ, гугъэщ, къабзагъэщ... Куэд къыпыпщэхъунущ иджыри. ЗрибгъэщIагъуэркъым адыгэ ныпым, атIэ зыхыбощIэ абы къалэн гуэрхэр уи пщэ къызэрыдилъхьэр – уи плIэр еухуэ, уи щхьэр уегъэIэт. Ныпыр пIыгъыныр, и щIагъ ущIэтыныр ди лъэпкъ хабзэми епхащ, дауи. Ар хьэуам щобырыб, жьым зэрехьэ псэм и хуитыныгъэм и дамыгъэ лъэщу. АтIэ, уи псэр хуит щыхъур пэжыр уи гъуазэмэщ. Ныпым хуэфащэщ хьэуам щыхуарзэну, махуэшхуэм хуаIэтыну, Iуэху дахэм гъуазэ хуащIыну. Дыхуейщ щIалэгъуалэми абы и мыхьэнэр нэсу зыхащIэну. ЩIым дыубгъуркъым, хьэпшып кIуэцIытшыхьыркъым, зридгъэхуабэркъым (гур игъэхуабэми пкъыр игъэхуабэркъым), къеддзэкIыркъым, кIэпхын къыхэтщIыкIыркъым, лъэпэдым кIэрыддэркъым, уIэгъи иритпхэркъым. Лъагэу Iэтауэ зыдохьэ!

Лъэпкъыр дыкъэзызыхъумэ дамыгъэхэм ящыщ зым – ныпым - и теплъэр щIыуэпсым егъэкIуауэ Къэрэшей – Черкесым и Али-Бэрдыкъуэ къуажэм щыIэщ.

Кавказ зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъыр зытет Iуащхьэм и IуплъапIэр адыгэ ныпым и теплъэмкIэ гъэщIэрэщIащ. Ар республикэм и щIыпIэ нэхъ дахэ дыдэхэм, хьэщIэхэм ирагъэлъагъуну яфIэфIхэм ящыщщ. Апхуэдэ зы щIыпIэ дахэ къыщыунэхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Ислъэмей къуажэми, Уэзрокъуэ и джабэкIэ зэджэм деж ди ныпым и теплъэр храгъэубыдащ.

Ар щIыуэпсым йокIу, къуажэм и щIыпIэ нэхъ дахэ дыдэхэм ящыщ хъуащ. Шабзищ зэпрыдзым ищхьэкIэ вагъуэ пщыкIутIыр къыщолыд. И гупэмкIэ адыгэ ныпхэр щыхатIащи, лъагэу Iэтауэ жьым дохуарзэ. Абдежым щагъэтIылъащ «Псэм ипэ – напэ» псалъэхэр зытет мывэшхуэр.

Мы гъэм лъэпкъ ныпым и Махуэм ехъулIэу, теплъэр щыгъэбелджыла щIыпIэр къызэIуахащ. ДяпэкIэ щIыналъэм и щIыпIэ дахэхэм хабжэну джабэм къыщызэхуэсащ адыгэ шууейхэр, къуажэм и нэхъыжьхэр, щIалэгъуалэр – лъэпкъыпсэ зиIэ цIыху куэд.

Ислъэмей къуажэм апхуэдэ щIыпIэ екIур къыщыунэхуным теухуауэ гугъэ дахэ зыкъом щIауэ яIэт ГъукIэ Мухьэмэд и щIалэхэм. Зэшихым я гум щытIыгъуа мурад-гупсысэр нэрылъагъу хъуащ. Къуажэм къыдэхута дахагъэм теухуауэ депсэлъащ ГъукIэ Валерэ. Ар хьэрычэтыщIэщ, къуажэм щегъэлажьэ псэуалъапхъэхэр щащэ тыкуэн. Езыр адыгэпсэщ, игъащIэ лъандэрэ я унагъуэм илъ адыгагъэр и гъуазэу.

**— Валерэ, ныпым и теплъэр зэрывгъэувам, абы хуэфэщэну щIыпIэр къызэрыхэфхам и гугъу уэзгъэщIынут...**

— Уэзрокъуэ джабэ лъапэм деж япэу щыс унагъуэр дэращ. Зэших дохъу, сэ сынэхъыщIэщи, лъапсэм сисщ. Куэд щIауэ зэкъуэшхэм дигу илът, дыщIэхъуэпсырт джабэ нэкIум ди лъэпкъ ныпым и теплъэр хэтщIыхьыну. Иджы ди Iуэху хуэхъуати, гурылъу диIар дгъэзэщIащ. Ныпым и теплъэр щытщIым щапхъэ тхуэхъуащ Къэрэшей-Черкесым апхуэдэ зэрыщыIэр. Къуэш республикэм мы Iуэхум теухуауэ запытщIащ, чэнджэщи къыдатащ. Джабэ нэкIум къыхэщ ныпым дэфтэр хузэдгъэпэщыни хуейщ...

Мыри жысIэнут, дыщыпсэу щIыпIэм и гугъу щысщIкIэ... Ди лъапсэм и гупэкIэ ЩихъыкхъэкIэ зэджэр иIэщ. НэхъапэIуэкIэ ари гъущI хъар дахэкIэ къэтхухьащ, къабзэлъабзэу щытын папщIэ. ЩIыпIэ щхьэхуэхэм, дамыгъэхэм пщIэ хуэщIыныр ди лъэпкъ гупсысэкIэм хэтщ. Ди сабиигъуэм, сощIэж, щIалэжь цIыкIу дырийпсырийхэм ящыщ щихъыкхъэм ихьамэ, къыщижыхьамэ, абы иту къемызэгъыу зищIамэ, егъэлеяуэ ущие гуащIэ къилэжьынут.

**— Джабэ нэкIум щытлъагъур къызыхэщIыкIар сыт?**

— Ныпхэр къэдабэ щэкIщ. Вагъуэхэр, шабзэхэр гъущIым къыхэщIыкIащ. Пэжым ухуеймэ, ахэр илъэс ипэкIэ дгъэхьэзырри дгъэтIылъат. Iуэхум щIэдзапIэ хуэхъунум дегупсысурэ щылъащ. Арати, гупыж тщIащ Адыгэ ныпым и Махуэр щыдгъэлъапIэм ипэ къихуэу, къызэдгъэпэщыну. Мыр лъэпкъ ныпым и махуэшхуэм дызэрыпежьа Iуэхущ.

Ныпым и теплъэр джабэм тредгъэубыдэным теухуауэ ди ныбжьэгъухэр, хьэблэ щIалэхэр сэбэп икъукIэ къытхуэхъуащ. Дэтхэнэми фIыщIэ хузощI. Бэрэздж Лиуан и цIэр къисIуэну си гуапэщ. Зы махуэ къэмынэу къэкIуащ, Iуэхур здынэсам щIэупщIэу, сэбэп хъууэ, гупсысэрэ чэнджэщрэ къыхилъхьэу.

**— Адыгэ ныпым теухуа гукъэкI дахэр щыфщIакIэ, лъэпкъ Iуэхум фегъэпIейтей зэшхэр. Сыт уэркIэ адыгэу ущытыным къикIыр?**

— Дунейм теткъым лъэпкъым и пщIэр пIыгъыу упсэуным нэхъыфIи, нэхъ лъапIи. «Къэзылъхуам хуэфащэщ» къыпхужаIамэ, абы нэхъ пщIэ лъагэ щыIэу къыщIэкIынкъым. Лъэпкъ Iуэхур дигу илъу, адыгэ хабзэр дгъэлъапIэу, захуагъэм дытету дагъэсащ. Ди адэ-анэр щапхъэ дахэ тхуэхъуащ а псомкIэ. Я псалъэхэр дигу илъу, я IуэхущIафэу щытахэр гъуазэ тхуэхъуу допсэу. ЦIыху пэжу, пщIэ иIэу, IуэхукIэ къимыкIуэту щытащ ди адэр. Псалъэ Iущу къыджиIахэм гъащIэр щыхьэт тохъуэж куэдрэ.

**— ЦIыху куэд зыщыгуфIыкI Iуэху дахэр махуэ тхьэм ищI!**

**ГУГЪУЭТ Заремэ,**
**«Адыгэ псалъэ» газет**



# АКЪБАЩ Фаризэт Юрэ и пхъум

*дохъуэхъу къыщалъхуа МахуэмкIэ!*

*ГъащIэр къыпхуэгумащIэу,*
*Хъерыр уи унэ лъащIэу,*
*Уи быным я IэфIыр зыхэпщIэу,*
*Хъуэхъуу къыбжаIэр къыплъысу,*
*Тхьэшхуэр насыпкIэ пхуэусэу,*
*Уи узыншагъэр мыкIуэщIу,*
*Уи быным я ехъулIэныгъэхэм*
*Уи псэр ягъэгуфIэу,*
*ГъащIэм гу щыпхуэрэ*
*Абы и IэфIыгъэ псори зыхэпщIэу,*
*ИлъэсищэкIэ Тхьэм утхуигъэпсэу!*

***Уи анэр, уипхъухэр, пхъурылъхухэр, уи шыпхъухэр***

"Моя семья" — Росгвардия

# Сабийхэм я нэкIэ

Урысей къэрал псом хуэдэуи Къэрэшей-Черкесым унагъуэм, фIылъагъуныгъэм, зэхуэпэжыныгъэм я Махуэр зэрыщагъэлъэпIам ипкъ иту, Росгвардием Къэрэшей-Черкесым щиIэ Управленэм хыхьэ вневедомственнэ охранэм и лэжьакIуэхэм я бынхэр хэтащ сурэт тхынымкIэ «Моя семья» акцэм.

Жюрим щIаплъыкIащ сабийхэм къабгъэдэкIа сурэт 50-м щIигъу.

СурэтыщI ныбжьыщIэхэм я IэдакъэщIэкIхэр творчествэ и лъэныкъуэкIэ удэзыхьэхыу, зэмылIэужьыгъуэ гупсысэхэр ящIэлъу къыщIэкIащ. Нэхъыщхьэращи – сурэтхэм къагъэлъэгъуащ сабийхэм я унагъуэр зэралъагъур, къазэрыщыхъур, зэрызыхащIэр.




Вневедомственнэ охранэм щылажьэ, полицэм и подполковник Олейниковэ Наталье зэхьэзэхуэм хэта ныбжьыщIэ псоми фIыщIэ яхуищIащ, къыхэжаныкIахэм ЩIыхь тхылъхэр яхуигъэфэщащ.



# АкъылкIи япсыхь

Росгвардием Къэрэшей-Черкесым щиIэ Управленэм хыхьэ вневедомственнэ охранэм и лэжьакIуэхэмрэ Къэрэшей районымрэ Карачаевск къалэмрэ щыIэ, хабзэр хъумэным епха дзэхэм я ветеранхэм я Советым и тхьэмадэ, отставкэм щыс мылицэм и майор Кубанов Исмэхьилрэ «Каникулы с Росгвардией» акцэм ипкъ иту сабийхэм яIущIащ.

Ар къызэрагъэпэщащ Карачаевск къалэм дэт, зи № 6 курыт еджапIэм щиIэ «Солнышко» гъэмахуэ лагерым и хэщIапIэм. Апхуэдэу хьэщIэхэм сабийхэр ягъэджэгуащ я акъылым зезыгъэужьын джэгукIэ хъарзынэмкIэ – шашкэкIэ.

Росгвардием и къулыкъущIэхэм ныбжьыщIэхэм джэгукIэм и мардэхэр, и щэхухэр гурагъэIуащ, иужькIэ ахэр зэпрагъэуащ.

«Пэжу жысIэнщи, сабийхэм ягурыдгъэIуэну дыхуейт спортри зэрызэмылIэужьыгъуэр, акъылри Iэпкълъэпкъым хуэдэу псыхьын зэрыхуейр, ипэкIэ лъэбакъуитI-щыкIэ узэрыгупсысапхъэр, уи хьэрхуэрэгъум адэкIэ ичыну лъэбакъуэри къэпхутэу зэрызегъэсапхъэр. Сабийхэр мы джэгукIэм зэрыхилъэсар, щытекIуэкIэ къагуфIэр плъагъуныр – аращ дэркIэ нагъыщэ нэхъыщхьэр», — жиIащ Кубанов Исмэхьил.

Зэпеуэм щытекIуахэм фэеплъ тхылъхэмрэ IэфIыкIэхэмрэ хуагъэфэщащ.

**Росгвардием Къэрэшей-Черкесым щиIэ Управленэм и пресс-къулыкъу**

«Семейная зарница» — Урысейпсо джэгу

# Зэкъуэтыныгъэр ягъэунэхуу




**ЩIалэгъуалэр зауэ-хэкупсэ гъэсэныгъэм щIэпIыкIынымкIэ «Авангард» купсэм и еджэныгъэ-методическэ лэжьыгъэхэр здригъэкIуэкI сатыр утыкум мы махуэхэм щызэфIахащ «Семейная зарница» Урысейпсо джэгум и хэгъуэгу къекIуэкIыгъуэр.**

Ди щIыналъэм и район къэс къыбгъэдэкIыу а спорт зэхьэзэхуэм хэта унагъуэ 11-м загъэунэхужыну я пщэ илъащ къаруу, IэкIуэлъакIуагъыу, зэрыIыгъыныгъэу яку дэлъымкIэ.

«Семейная зарница» джэгур Урысейм мы гъэм япэ дыдэу щокIуэкI «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондым, «Движение Первых», «ЮНАРМИЯ» зэщIэхъееныгъэхэм я хьэрычэткIэ.

«Нобэ дэ дыкъыщIызэхуэсар зэхьэзэхуэ фхуедгъэкIуэкIын папщIэ къудейкъым, атIэ, дэ дгъэбыдэну ди къалэнщ зэкъуэтыныгъэм и къарур, хэкупсагъэмрэ унагъуэ лъапIэныгъэхэмрэ. «Семейная зарница»-р лъэкIыныгъэ хъарзынэщ узэкъуэтыным, узэдэIэпыкъуным икIи къэрал уардэм и хабзэ дахэхэм пщIэ яхуэпщIу дунейм утетыным нэхъ лъэщагъ нэхъыщхьэ зэрыщымыIэр иджыри зэ зыгурыдгъэIуэнымкIэ», — жиIащ джэгур иригъажьэкIэрэ «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым и Къэрэшей-Черкес къудамэм и унафэщI Абазалиев Марат.

Джэгум хэтахэр эстафетэм щызэхьэзэхуащ лъэпощхьэпо зэхуэмыдэхэр къызэранэкIыурэ, зэпеуахэщ лагъым нэпцIхэр дзынымкIэ, пневматическэ фочкIэ уэнымкIэ, гупым хэту лэжьэным зэрыхуэхьэзырыр нэгъэсауэ къагъэлъэгъуащ. Джэгум и дэтхэнэ Iыхьэми адэ-анэхэмрэ сабийхэмрэ хэтыпхъэт, абыхэм къадэщIу ибгъукIэ къыщытт зауэ операцэ хэхам и ветеранхэр.

Зэхьэзэхуэм къыпэкIуар аращи, япэ увыпIэр къилъэщащ Усть-Жэгуэтэ къалэм щыщ Борлаковхэ я унагъуэм. Иджы ахэр ди республикэм и пщIэр яIэту хэтынущ мы мазэм икIэм СКФО-м хыхьэ хэгъуэгум деж «Семейная зарница» джэгум щытекIуахэр заочнэу здызэпэщIэтыну зэпеуэм. Абдежым япэ, етIуанэ увыпIэ къыщызыхьынухэр хэхуэнущ зэхьэзэхуэм и Урысейпсо къекIуэкIыгъуэм.

Гу лъывэдгъэтэнщи, Хэкум и хъумакIуэм и Илъэсым «Семейная зарница» джэгур къехьэжьэн, иужьым ар гъэ къэс ирагъэкIуэкIыу гъэпсын жэрдэмыр УФ-м зыхъумэжыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ, «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым и пашэ Цивилёвэ Аннэ къыщыхилъхьэм, ди къэралым и лIыщхьэ Путин Владимир а гупсысэр захуэу къилъытэри, Iуэхум и ужь ихьащ.

Мы проектыфIым и къалэн пажэхэм ящыщщ къыдэкIуэтей щIэблэм хэкупсагъэ къыхуэгъэушыныр, унагъуэ лъапIэныгъэхэр гъэбыдэныр, Iэпкълъэпкъыр псыхьынымкIэ цIыхухэм ящхьэпэныр, нэхъыжьыр и гъащIэ зэхэщIыкIымкIэ нэхъыщIэм дэгъэхъуэжэныр.

**ЛЫХЬ Тимур**

Контракт къулыкъу




Щыгъуэ

Урысейм и журналистхэм я Союзым и Къэрэшей-Черкес хэгъуэгу къудамэм и Правленэм хэтхэм, «День республики», «Абазашта», «Къарачай», «Ногай давысы», «Черкес хэку» республикэ газетхэм я редакцэхэм я лэжьакIуэхэм гущIыхьэ ин тщыхъуащ «Ногай давысы» республикэ газетым и унафэщIым и къуэдзэ Дэбагъуэ Кърымхъан Исхьэкъ ипхъум и анэ

**НАЙМАНОВЭ Сурэтхъан Билал и пхъур**

дунейм зэрехыжар. Тхьэм гуауэр шэчыгъуафIэ яхуищI. Дадощыгъуэ унагъуэм, къыдалъхуахэмрэ Iыхьлыхэмрэ. Дунейм ехыжам и фэеплъ нэхур игъащIэкIи фщимыгъэгъупщэкIэ.

Р





КЧР ГБПОО
«Аграрно-технологический колледж»
п.Эркен-Шахар

## «Аграрно-технологический колледж»

ОБЪЯВЛЯЕТ ПРИЕМ СТУДЕНТОВ НА 2025-2026 УЧЕБНЫЙ ГОД ПО СЛЕДУЮЩИМ СПЕЦИАЛЬНОСТЯМ:

на базе основного общего образования (9 класс)

**23.01.17** Мастер по ремонту и обслуживанию автомобилей (срок обучения 1 г. 10 мес.);
**35.02.16** Эксплуатация и ремонт с/х техники и оборудования (срок обучения 3г. 10 мес.);
**35.02.05** Агрономия (срок обучения 3 г. 10 мес.);
**36.02.01** Ветеринария (срок обучения 3 г. 10 мес.);
**21.02.19** Землеустройство (срок обучения 3 г. 10 мес.);
**38.02.01** Экономика и бухгалтерский учет (по отраслям) (срок обучения 2 г. 10 мес.);
**20.02.02** Защита в чрезвычайных ситуациях (срок обучения 3 г. 10 мес.)
**19203** Тракторист (срок обучения 3,5 мес.)

Зачисление в КЧР ГБПОО «Аграрно-технологический колледж» производится по итогам **собеседования.**
Обучение **БЕСПЛАТНОЕ.**
Все студенты обеспечиваются местами в общежитии, медицинским обслуживанием, стипендией.
Юноши пользуются отсрочкой от армии.

**Наш адрес:**
КЧР, Ногайский район, пос. Эркен-Шахар, ул. Некрасова, 20
e-mail: profliceyl@mail.ru тел: 89283865849, 8(87870) 5-40-85, 5-42-79,

Лицензия №Л035-01269-09/00346600 от 17.09.2013 Свидетельство государственной аккредитации №217 от 20.02.2015

Черкес хэку
@CHERKESHAKU
Ди телеграм-каналыр

Черкес хэку
www.cherkes-haky.ru
Cherkes-Haku@yandex.ru

Редакцэм и хэщIапIэмрэ газетыр здагъэхьэзырымрэ:
369000, КъЧР,Черкесск къалэ, КировкIэ зэджэ утыку, № 23, Печатым и Унэ, е 3-нэ къат.

Редактор нэхъыщхьэ:
АБИДОКЪУЭ Люсанэ Алий ипхъу,
Редколлегием хэтхэр:
Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ДЗЭМЫХЬ Маринэ
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
отделхэм я редактору:
ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ, ТУАРШЫ Ирэ, БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ, ЧЫРБЫЖ Иринэ, ЛЫХЬ Тимур.
Редакцэ советым хэтхэр:
Къантемыр Тыркубий, Къэзэнокъуэ Хьэсэмбий, Аслъэнхэ Алий, Хъупсырокъуэ Алий, Къуршэ Фаинэ

Газетыр 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9-м Урысей Федерацэм зэпыщIэныгъэ лъэныкъуэхэм, хъыбарегъащIэ технологиехэм, цIыхубэ коммуникацэхэм кIэлъыплъынымкIэ и Федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъЧР-м щыIэм щыщIатхащ. ЗэрыщIатха тхылъыр ПИ № ТУ 09-00028Р-кIэ къыщIедзэ.

ФщIэн папщIэ:
Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, щапхъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм, цIэ-унагъуэцIэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.
Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Редакцэм тхыгъэу къыIэрыхьэр къанэ щымыIэу тридзэну, Iэрытхри абы теухуа жэуапри къэзытхам иритыжыну пщэрылъ зыхуищIыжкъым.
Р — мы нагъыщэм къегъэлъагъуэ ар зытетыр рекламэ тхыгъэу зэрыщытыр

Газетыр щытрадзащ ООО "Издательство "Южный регион", Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5 а.
Индексыр 54044-щ. КъыдэкI бжыгъэр 2800 -щ. Зак.
Газетыр тедзэн хуейщ: графиккIэ — сыхьэтыр 17:00-м, щытрадзар — сыхьэтыр 17:00-м.

Газетыр къизытхыкIхэм яIэрегъэхьэ КъЧР-м пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и федеральнэ Управленэм, тел. 25-01-73.

ТЕЛЕФОНХЭР:
приёмнэм — 26-36-00,
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм - 26-36-14,
жэуап зыхь секретарым, операторхэм-26-34-50,
отделым и редакторым - 26-36-27, бухгалтерием-26-36-29.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьащ:
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
дежурнэ редактор ТУАРШЫ Ирэ,
корректор ГУНДЭХЪУ Аня,
оператору ХЬЭБЭЧЫР Даринэ